

IN THE CIRCUIT COURT OF
THE NINTH JUDICIAL COURT
ORANGE COUNTY, FLORIDA
PROBATE DIVISION

IN RE: THE GUARDIAN ADVOCATE OF

Case No.: _____

**LETTERS OF GUARDIAN ADVOCATE OF THE PERSON AND PROPERTY/
NOMINASYON TITÈ AK FONKSYON LIMITE POU MOUN AK PWOPRIYETE**
(FÒMR)

POU TOUT MOUN KI KONSÈNE:

TANDISKE, yo te nome _____
kòm Titè ak Fonksyon Limite Moun ak Pwopriyete, pou
_____, yon moun ki gen yon andikap
devlopmantral ki pa gen kapasite pou pran desizyon pou fè kèk, men pa tout, travay ki nesèsè pou
pran swen tèt li; epi

TANDISKE, Titè ak Fonksyon Limite a te prete ak depoze sèman preskri a epi li te fè
tout sa yo te mande pou li te ka resevwa Lèt Titè ak Fonksyon Limite Moun ak Pwopriyete;

SE SA KI FÈ, KOUNYE A, Mwen menm, Jij ki siyen anba a,
deklare _____ kalifye dapre lwa Eta Florida pou aji kòm
Titè ak Fonksyon Limite Moun ak Pwopriyete
_____ ak tout pouvwa pou egzèsè
pouvwa ak tach sa yo nan mon moun ak andikap devlopmantral la:

- (____) pou detèmine rezidans;
- (____) pou bay konsantman pou swen medikal, dan, oswa swen ak tretman operasyon;
- (____) pou pran desizyon sou anviwònman sosyal oswa lòt bagay sosyal vi moun ki gen
andikap devlopmantral la.
- (____) pou egzèsè tout dwa legal ak pouvwa moun ak andikap devlopmantral la genyen
devan lalwa
- (____) pou pran epi kenbe, pou avantaj moun ki gen andikap devlopmantral la, tout
pwopriyete, ak tout sa li vann ou lwe, ak lajan ak benefis li fè.

Avan Titè ak Fonksyon Limite a resevwa otorite espesifik nan men Tribinal la, jan li deklare nan seksyon 744.3725, li p ap kapab:

(a) entène moun ki gen andikap devlopmantral nan yon sant, enstitisyon, oswa yon kote ki gen lisans pou ofri sèvis san li pa swiv pwosedi fòmèl pou plasman, dapre Chapit 393, Lwa Florida;

(b) bay konsantman pou patisipasyon moun ak andikap devlopmantral la nan okenn pwosedi eksperimentasyon biyo-medikal oswa konpòtman, egzamen, etid, oswa rechèch;

(c) bay konsantman pou fè pwosedi esterilizasyon ou avòtman sou moun ki andikape a;

(d) bay konsantman pou koupe sipò k kenbe moun ki gen andikap devlopmantral la an vi.

(e) lanse yon petisyon pou anile yon maryaj pou moun ki sou titèl la

(f) egzèse okenn otorite sou okenn ranplasman swen sante ki nome nan okenn testaman moun ki andikape a te fè, dapre Chapit 765, Lwa Florida, sof si Tribinal la ta pa yon lòt lòd.

_____ (moun ki gen andikap devlopmantral la) ap gen tout dwa legal sòf pou sa yo Tribinal la bay Titè ak Fonksyon Limite a espesyalman pou sa.

FET AK ODONE nan chanm tribinal nan Orlando, Konte Orange _____ jou _____, 20____.

Jij Tribinal Distri